Дохутырым насып егуэш

2-нэ нап.

Щэныгъэм и дунейм

3-нэ нап.

Тхьдэ-хэкурыдж музей

4-нэ нап.

ЩІыІэм зигъэткІиямп

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№17 (24.455) • 2023 гъэм мазаем (февралым) и 14, гъубж • Тхьэмахуэм щэ кыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

● ЗэлущІэхэр



Гъэм кърикІуахэр щызэхалъхьэжым

Къэбэрдей-Балъкъэрым Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм щыхэплъэжащ 2022 гъэм а Іэнатіэм щызэфІагъэкІахэр, дызыхьихьэ илъэсым ялэжьынуэрэи абдеж щагъэбелджылащ. ЗэлущІэм хэтащ республикэм и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алийрэ абы и къуэдзэ Хъубий Маратрэ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщі Асанов Алим тепсэлъыхьащ 2022 гъэм къриубыдэу гулыІэ нэхъыбэ зыхуащІамрэ зи яужь итахэм яущыщу нэхъ зыщІэкъуліахэмрэ.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм мазищ къэс кьепщытэж бюджетым пыщІа Іэнатіэхэм Іутхэм я лэжьапщІэр зэрыІэрагъэхьэ щыкІэр зыхуэдэр. Апхуэдэу, 2022 гъэм къриубыдэу, Іуэхущ Іапіэ 500-м щІигъум улахуэр зэрырятьжа щІыкІэр щызэхалъхьэжым, Іупщі къэхуащ зи гугъу тщІы Іэнатіэхэм Іутхэм я лэжьапщІэр, ику ити къатщтэмэ, проценти 8-кІэ республикэм зэрыщыхэхуар.

Министрым и псалъэм тетщІыхьмэ, гъэ кІуам КъБР-м зи кьару илъыгъуэхэм яущыщу, лэжьапІэ Іумытхэм я бжьыгъэр зэрыщыхуар процент 1,7-м нызэрыхьэсщ (зи гугъу ищІыр апхуэдэ Іуэхуікі закъыхуэзыгъэзахэрщ). Ар 1,5-кІэ нэхъ мащІэщ 2021 гъэм зэрыщытам нэхъри.

Украинэм щекІуэкІ Іуэхугъуэ пыуухьІакъэм хэтын папщІэ, республикэм щыщу ираджахэм зи гугъу тщІы министерствэм 2022 гъэм и фокІадэм къыщыщІэдзауэ мазэ къэс ахъшэ яхуэгъэкІ. КъинэмыщІауэ, Херсон областым къикІыу пІаІэкІэ ди щІыналъэм щыпсэуну къэкІуахэми зыщІегъакъуэ.

Нэгъабэ къриубыдэу, КъБР-м и бюджетым къыхэкІыу, республикэм лэжьапІэншэу къыщІалъытахэм, псори зэхэту, сом мелуан 227,2-рэ хухахащ.

Асанов Алим зэригъэбелджыламкІэ, зи пашэ Іэнатіэм гъэ кІуам дэІэпыкъуныгъэкІэ къащыгугъэхэм къабгъэдэкІ лъэІу тхыгъэу 682-рэ къыІэрихьащ. Ахэри яхэту, социальнэ и лъэныкъуэкІэ зызыщІагъэкъуахэм, псори зэхэту, сом мелуан 238-рэ сом мин 852-м нэблагъэ иратащ. Зауэ зэпІощІэуВэныгъэм зи щІалэ хэкІуэда унагъуэ 84-м яущыщ дэтхэнэми сом мелуан зырыз Іэрагъэхьащ. Уэзгъуэ зыгъуэта 461-м, псори зэхэту, сом мелуани 138,3-рэ иратащ.

Бын куэд зиІэ унагъуэхэм яущыщу 600-м мазэ къэс зэрызыщІагъэкъуэнум щыхьэт техьуэ сертификатхэр Іэрагъэхьащ, нэхъ хуэмыщІэхэм яущыщу 166-м, псори зэхэту, сом 41250-м нэблагъэ иратащ.

БЭРАУ Бышэ.

● Дызэкъуэту

ЛІыхъужьхэм я цІэхэр уахътыншэщ

Адыгэхэр дуней псом игъащІэми къыІэзрыщащІыхур лІыхъужьыгъэ нэсрэ хахуагъэ инрэ зыхэлъ, захуагъэмрэ пэжымрэ зи гуэзугъэлъагъуэ икІи абыхэм я телъхьэ лъэпкъ уардэуц. Лъэпкъыр зэрыщыІэрэ гъэзэуанэшхуэ къикІуащ, гугъуехьрэ гуауэ куэдрэ игъэващ, иІащ дэрэжэгъуэ щигъэт, гуфІэгъуэшхуэм щызэщІищтэ эманэхэри. Зыщыпсэу лъэхъэнэм емылъытауэ, адыгэхэр ноби цІэрыІуэщ яхэлъ хабзэ екІымкІэ, лъэпкъ хьэлкІэ зэджэ фыыгъуэхэмкІэ.

ДИ ЛЪЭПКЪЭГЪУХЭМ гушхуэ зэракІуэцІыпхьм и щапхъэ мымащІэу щыдолъагъу иджырей дунеймэ. Абы и щыхьэт наІуэщ УФ-м и Президентым и унафэкІэ Украинэм щекІуэкІ зауэ операцэ хэхам ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщ куэд хахуагъэрэ лІыхъужьыгъэрэ къыщагъэпсалъэуэ зэрыхэтыр. Щхьэмыбгаззу бийм пэщІэт зауэлІхэм захуагъэм папщІэ и псэр ят, хэкум и къыщхьэщыжакІуэ нэсу щыту.

Адыгэ щІалэ лІыхъужьхэм я щапхъэм щІэблэр щІэпІыкІыным, абыхэм я цІэхэр уахътыншэ хъуным хуэгъэпса лэжьыгъэ щокІуэкІ ди щІыналъэм. Апхуэдэ пэкІу иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ Бахъсэн районым хыхьэ Къыщпэк къуажэм дэт курыт школым. Ар теухуауэ щытащ а школым и гъэсэну щыта, Украинэм щекІуэкІ зауэ операцэ хэхам хэту зи псэр зыта адыгэ щІалэ хахуэ Абазокъуэ Мурат Хьэсанш и кІуэм и цІэ-унэцІэр зытет фэепль пхъэбгъу ерджапІэм къыщызэІухыным. Мурат и фэеплыр щагъэлъапІэ зэхуэсым хэтащ Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщІэхэр, щІыналъэ дзэ комиссариатым и лэжьакІуэхэр, щІыпІэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и лІыкІуэхэр, щІалэ-лІыхъужьым и Іыхьлыхэр, курыт школым и егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ. Абазокъуэ Мурат теуауа псалъэ гуапэхэр щыІуащ зэхуэсым, фЫщІэ хуащІащ апхуэдэ адыгэ щІалэ, цІыху пэж зыгъэса адэ-анэми.

Курыт школыр къиуха нэужь, Абазокъуэр дзэм ираджащ икІи къулыкъур Владимир областым щыІэ частым щрихьэкІащ. Донбассыр хъужмэныкІэ Украинэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр яубла нэужь, Мурат яхэтащ япэу а Іэнатіэм Іухьаэзм икІи лІыгъэрэ захуагъэрэ къигъэпсалъэуэ пщэрыпъ къыщащІ кьалэн псори зэфІихыу абы щыІащ. 2022 гъэм и мэлыжьыхь маззм Абазокъуэр уІэгъэ хьэлъэ хуащ, зэзауэ гуащІэхэм хэту. УІэгъэщым щІэлъа нэужь, Мурат и ушэнщагъэр зэтеувэжащ икІи пІаІэ къыхимыгъэкІыу зыхэта частым игъэзжащ. Лагъымыдэ гупым я командир, сержант нэхъыжь Абазокъуэм пищащ къулыкъум, япэми хуэдэу, щхьэмыгъаззу бийм пэщІэту. ФокІадэм и 25-м ар зэуалІэм икІуэдащ: бийм къытридза уІэгъэ хьэлъэм къелакъым щІалэщІэр.

Хэкум и пащхьэм щиІэ кьалэнхэр пэжу, къикІуэт зымыщІэу зыгъэзэщІа Абазокъуэ Мурат Хьэсанш и кІуэм къиГъэлъэгъуа захуагъэм папщІэ, УФ-м и Президентым ищІа Унафэм ипкъ иткІэ хуагъэфэщащ «ЛІыхъужьыгъэм и орден» пІаІэр.

Зэхуэсым къекІуэлІахэр а псоми щыгуаззэ хуащІащ еджакІуэхэм. Школым и ІэщагъэлІхэмрэ еджапІэм и армие ныбжьыщІэ гупымрэ кьабгъэдэкІыу фэеплъ зэхуэсым хуэгъэжьзырат хэкупсэ унэтІыныгъэ зиІэ теплъэгъуэхэр, уэрэдхэр. ЕджапІэм и унафэщІхэм зэрыжаІащи, школым и гъэсэну щыта Абазокъуэ Мурат хуэдэхэм я гъащІэр, яхапІа лІыхъужьыгъэмрэ захуагъэмрэ щапхъэ нэс яхуэхьунущ абы нобэ щеджэ ныбжьыщІэхэми ди республикэм кьитаджэ щІалэгъуэлэми.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Узыншагъэ

ІэщІагъэмкІэ нэхъыфІ пщащэ

Москва Кремлым и уардэунэм щекІуэкІащ «Дыпсэунущ!» саугъэтыр зыхуагъэфэщахэр щагъэлъапІэ зэІущІэ.

Чэлды Иннэ

САУГЪЭТЫР ират лыхъ узыфэхэм пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэшхуэ блэкІа илъэсым езыгъэкІуэкІахэм. Нэхъыщхьэраци, ар зратыну-хэр къэзыгъэлъагъуэр зэпыфэ шынагъуэр зыпкъыт, дохутырхэр зэІэзэ сымаджэхэрщ. Ягъэпажэхэм яхэтщ медицинэ лэжьакІуэхэр, Іуэхущ Іапіэ щхьэхуэхэр, псапащІэ фондхэр, волонтёрхэр, узыфэм пэщІэтынымкІэ щапхъэ хъу цІыху цІэрыІуэхэр.

Іуэху щхьэпэр и жэрдэмщ лыхъ узыфэхэр зыпкъыт сымаджэхэм къыззрагъэпэща «Здравствуй» жьлагъуэ зэгучъэнагъэм икІи, хабзэ хъуэху, илъэс къэс саугъэтыр зыхуагъэфэщахэр щагъэлъапІэ зэІущІэ гуапэ ирагъэкІуэкІ. Проектым и кІалэн нэхъыщхьэр цІыхухэм я узыншагъэр щІэх-щІэхьуэ къыззрапщытэн хуэйр ягу къэгъэкІыжынырщ, и чэзум къахута лыхъ узыфэхэм я нэхъыбэр тыншу зэрыпхуэгъэхъужынур кьагурыгъэІуэнырщ.

ЗэІущІэм къыщыкагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрри. Апхуэдэу, «Медсестра нэхъыфІ» унэтІныгъэмкІэ саугъэтыр хуагъэфэщащ республикэм Лыхъ узыфэхэм щеІэзэ и диспансерым и хирургие кьудамэм щылажьэ Чэлды Иннэ. КъушынэмыщІауэ, «УнафэщІхэр сымаджэхэм быдэу ябыщІащ» саугъэтым и лауреат хъуащ КъБР-м Узыншагъэр хъужмэныкІэ и министерствэр. Къапщтэмэ, а унэтІныныгъэмкІэ саугъэтыр зыхуагъэфэщащэм ящыщщ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къудзэ Голиковэ Татьянэрэ Медико-биологие федеральнэ агентствэм и унафэщІ Скворцовэ Вероникэрэ.

УФ-м узыншагъэр хъужмэныкІэ и министр Мурашкэ Михаил зэхьыхэр къыщызэІуахым кхъыхигъащащ лыхъ узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм я гукъыдэжьыр яфІэзэымыгъэкІуэд, узымкІэ яІэ шынэр ящхьэщхьэныхь жьлагъуэ зэгучъэнагъэхэм пщІэи гулъытэ зэрахуэфащэр.

- УФ-м Узыншагъэр хъужмэныкІэ и министерствэм лыхъ узыфэхэм пэщІэтынымкІэ иригъэкІуэкІ Іуэхуэхэр кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжахэм ящыщщ. Пандемием дызригъэува щытыкІэ хьэлъэхэми емылъытауэ, лыхъ узыфэхэр зыпкърыт сымаджэхэм зыхунэкъуэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр сытым дежи нэгъэсауэ хуащІащ. Онкологие дэІэпыкъуныгъэхэр щагъуэт амбулаторэ центру 278-рэ къызэІуахащ. Иужьрей илъэсхэм ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэпэгъуэмкІэ, лыхъ узыфэхэм илІыкІ сымаджэхэм я бжьыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ, - жиІащ Мурашкэ Михаил.

Фигу къэдгъэКІыжынщи, ди республикэр нэхъапэкІи къыщыхэжаныкІащ мы Іуэху щхьэпэм. Апхуэдэу нэгъабэ «Дыпсэунущ!» саугъэтым «Онкологием и лІыхъужьхэр», «Іэщагъэм и налкъутхэр» и унэтІныгъэмкІэ лауреат хъуащ щытащ Лыхъ узыфэм щеІэзэ диспансерым хирургиемкІэ и къудамэхэм я унафэщІхэу Токумаев Маратрэ Ахмеров Радмиррэ.

ЩХЬэЩЭМЫЩІ Иза.

● Щапхъэ

Сэрмакъдэсхэр къыхуэарэзыщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ нэхъ инхэм ящыщщ Сэрмакъыр. Дзэлыкъуэ районым хьыхь а жьлэ Іумахуэм щопсэу цІыху мин 8,5-м нэс. Сэрмакъ дэтщ курыт школхэр, гъэсапІэхэр, щолажьэ щэнхабзэ, спорт Іэнатіэхэр, промышленностым епха Іуэхущ Іапіэхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм щызэфІах къуажэдэсхэм яфІ, я екъулІэныгъэ къыззрыкІ Іуэхугъуэ щхьэпэхэр.

ЗИ ІУЭХУ зехьэкІэр пэрытхэм ящыщщ Сэрмакъ дэт пощт Іуэхущ Іапіэ №1-р. Илъэс зыбжанэ хъуауэ абы и унафэщІщ икІи щекІуэкІ лжьыгъэхэм я къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлакіуэщ бзыпхъугъэ ныбжьыщІэ жьыджэр Токъубей Аринэ. Зыпэрыт Іэнатіэм гудзакъэ хузиІэ хъыджэбзым Іуэху зехьэкІэ дахэ бгъэдэлъщ. Ар зи пашэ Іэнатіэр Дзэлыкъуэ щІыналъэм щылажьэ апхуэдэ Іуэхущ Іапіэ нэхъыфІхэм халъытэ.

Инженер-технолог ІэщагъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта пщащэм операторэу лэжьэн щыщІидзащ пощтым. Лэжьакіуэ ныбжьыщІэм бгъэдэлъ хэлъэтым, гурыхуагъым, и кьалэнхэм хуиІэ жэуапльныгъэм гу лъамытэу къэнахьым. Ар лэжьыгъэм нэхъри тригъэгушхуащ, абы и щэху куэдри къыхуэзІуихащ пощтым куэд. Пьандэрэ щыІэ, абы и унафэрэ илъэс зыбжанэкІэ зыІэщІалъа Кьардэн Жаннэ. Къардэнырэ нэгъуэщІ Іэнатіэ щагъакІуэм, абы щыналъэ унафэщІхэм яхуигъэльэгъуащ Токъубейр икІи чэнджащ яритащ лэжьыгъэм фІыуэ хэзэгъа а цІыху гумызагъэр пощтым и пашэ ящІыну. Апхуэдэуи хуауащ.

Илъэс ебланэр йокІуэкІри, Аринэ пощтым и унафэщІщ. «Акъылыр жьакІэм ежьэркъым», - жаІэ. Пщащэ акъылыфІэр лэжьыгъэм хуэІэижь зэрыхуэм щыхьэт тохъу ар зи пашэ Іуэхущ Іапіэм жьлэдэсхэр къыззрыкуэзрэзыр, апхуэдэуи езым хуэдэ Іуэхущ Іапіэхэм къаззрыкІэрымыхур. Токъубейм зэрыжиІэмкІэ, пощтым и лэжьакіуэхэм зэфІах Іуэхугъуэхэр зыхуэгъэпсар къуажэдэсхэм я гъащІэр нэхъ тынш, лъэпощхьэпоунэ щІыныр, абы кьагъэхь письмохэр, газетхэр, журналхэр щІыхуэм и чэзум яІэрыгъэхь-жьынырщ.

ЛэжьыгъэфІхэр щызэфІах, нэхъыщхьэраци, щІыхуэр зыхуэзарэзы Іуэхущ Іапіэм и лжьакіуэхэр мызэ-мытІэу ягъэпэжащ щытхъу, фЫщІэ тхьилъ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ. Зи Іэнатіэм жэуапльныгъэ зыхищІэу пэрыт Токъубей Арини абы и нэІэм щІэту лажьэ пощт ІэщагъэлІхэми дохъуэхъу уэзнышу, щІыхуэм я зэрыныгъэ щымыщІэу иджыри куэдрэ я Іэнатіэр ирахьэкІыну.

ТАМБИЙ Линэ.

● Щэнхабзэ

Библиотекэр ирагъэфІакІуэ

Бахъсэн районым хыхьэ Къыщпэк къуажэм модельнэ библиотекэ щаухуэнущ, «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым хыхьэу.

БАХЪСЭН район администрацэм и хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ Чылар Аринэ къызэрыджИламкІэ, Іуэхум хыхьэу, библиотекэм и кІуэцІыр зыхуэй хуагъэзэнущ, иджырей Іэмэпсымэхэмрэ унэльащІэхэмрэ къащэхунущ, и тхылъ бжьыгъэм къыхагъэхъуэнущ.

Іуэхущ Іапіэм пэш щхьэхуэхэр иІэнуц: зи узыншагъэм къимыхь тхьилъеджэхэм папщІэ, фонд зэІухар, акъылыфІэхэм я плІанэпэ, зэІущІэхэр щрагъэкІуэкІ, унагъуэхэр щеджэ, нэгъуэщІхэри.

Къуажэм модельнэ библиотекэ къыщызэбгъэпэщыным къикІыр Іэмэпсымэхэмрэ унэльащІэхэмкІэ зыхуэй хуэбгъэзэн къудейкъым, атІэ библиотекэм цІыхухэм щыхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм хагъэхьуэн, сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ еджэн, лэжьэн папщІэ зыщІэупщІэнкІэ хъуну псори абы щагъэутыныщ. Ахэр псори зытеуухуэжар цІыхухэм я щыІэкІэ-псэукІэм и фІагъым хагъахъуэныщ, къуажэхэмрэ кьалэхэмрэ зэхуэдэу зи гугъу тщІа Іуэхутхьэбзэхэр щагъэутынырщ.

Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур зэрыжиІамкІэ, модельнэ библиотекэр жылагъуэр щызэІущІэну, щызэпсэльэну щэнхабзэ-нэгуэныжь Іуэхущ Іапіэ хъунущ икІи абы зригъэужьынущ къуажэдэсхэм ябгъэдэль щІэныгъэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.



Ди къуэш республикэхэм

Хасэм и зи чэзу зэхуэс

АДЫГЕЙ. **Щэбэт кІуам Мейкъуапэ щекІуэкІащ Адыгэ Хасэм и XXI съездыр. Абы къырихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Абхъазым, Краснодар, Ставрополь крайхэм щыщ лІыкІуэхэр. ЗэІущІэшхуэм хэтащ АР-м и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат, къэрал чэнджэщагъ Тхьэмэ Іушынэ Асльэндджэрий, АР-м и Къэрал Совет-Хасэм и унафэщІым и къуэдзэ Цей Эдуард, КъБР-м, АР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ Мэшбащэ Исхьэкъ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, республикэм и министрхэм я кабинетым хэтхэр, щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгучъэныгъэхэр, щэныгъэлІхэр, егъэджакІуэхэр.**

КЪЫЗЗХУЭСАХЭР псом япэу зы дакъикъкІэ яхуэщыгъуащ Тыркумрэ Сириемрэ къыщыхьуа насыпышагъэм хэкІуэдэжм.

ЗэІущІэр къыщыізэІуахым, КъумпІыл Мурат лэжьыгъэм хэтхэм ехьуэхъуащ я мурад къайхъулІэу зэдэлажьэну. Абы къыхигъэщащ Адыгэ Республикэр и илъэсищэм зыхуэй хуэзэу зэрырихьэлІар, Іэтауэ зэрагъэлъэпІофар зи фІыгъэр къэралымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрэ купщІафІэу зэрызэдлажьэр зэрыарар. Іэтащхьэм жиІащ Адыгэ Хасэр сыт хуэдэ Іуэху къражьэжьэми жыджэру зэрыхэтыр, къэрал, республикэ унафэщІхэм я Іуэху еплъыкІэр зэрыдаІыгъыр, хэгъэгум зэгурыІуэныгъэрэ мамырыгъэрэ илъыным я гуащІэ зэрыхалъхьэр.

Апхуэдэуи КъумпІыл Мурат жиІащ лъэпкъым бгъэдэль хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэным, щІыналъэм зегъэужьным, щІалэгъуалэр адыгэ щэнхабзэм, тхыдэм дегъэжьэхьным я лъэныкъуэкІэ Хасэм куэд зэрищІэр.

Съездым къыщыпсэльэхэр къытеувыІащ лъэпкъым и пащхьэ къит кьалэнхэм, бзэр, хабзэр, тхыдэр хъума хъун папщІэ щІапхъэхэм, нэгъуэщІхэми. АР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу хахьжащ ЛІымыщэкъуэ Рэмэзан.

Дяпэкіи пащэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм лэжьыгъэ Іуэхуікі къэкІуащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу Тайсаев Казбекрэ Лантратовэ Янэрэ. Ахэр хэтщ кулыкъущІапІэхэр зэдэлэжьэным, дзэлІхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зашІыжэкъуэным теухуауэ Іуэхуэр зыубыхьуэхэм.**

ГУПЫР къызэрагъэпэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкІэ. Абы и унафэщІыр Федерацэмкіэ Совет-ым и вице-спикер, «Урысей зэкъуэт» партым и Генеральнэ советым и секретарь Турчак Андрейщ.

КъШР-м и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, республикэм кьеблэгъахэр куэд щІауэ ядолажьэ Урысейм щІэуэ къыхаГъэхьэжа хэгъэгуэхэм икІи абы щыпсэухэм я гуныкъуэгъуэхэм фІыуэ щыгъуазэщ. КъыщынэмыщІауэ, дзэ Іуэху хэхам хэт зауэлІхэм япыщІащ икІи и Іуэху зыІутым теуухуа хъыбарыр псом япэ кьаІэрохьэ.

Тайсаев Казбекрэ Лантратовэ Янэрэ Темрезов Рашид хуаІуэтащ КъШР-м икІахэм я щыІэкІэ-псэукІэм, я гур мыкІуэду я кьалэныр зэрагъэзащІэм. Абыхэм жаІащ республикэ унафэщІхэри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри зэрадзэпэпыкъур я гуапэ зэрыхъур.

Темрезовым къыхигъэщащ а лэжьыгъэм дяпэкІи зэрыпащэнур, Украинэм зи къуэ щыІэ унагъуэхэр гулъытэншэ зэрымыхъунур, щІалэхэми зэрызыщІагъэкъуэнур.

Зандэ и ехъулІэныгъэ

АБХЪАЗ. **Республикэм щыщ сценарист Какалие Зандэ иджыблагъэ къыхуагъэфэщащ «Золотой орёл» саугъэтыр, «А» короткометражнэ фильмым и сценарийр зэриятхам щхьэкІэ. Зандэ илъэсибл ипэкІэ итхащ фильмыр зытеухуауэ щытынур, зэпеуэхэм ятащ.**

КИНОДРАМАТУРГИЕМКІЭ мастерскойм Сценаристхэмрэ режиссёрхэмрэ щагъэхьэзыр и курсхэм щыщыдэжэм абы нэІуасэ къыхуэхъуащ режиссёр Іэщагъэр къыхэзыха Жуковэ Таня. Ар Зандэ и Іэрытхьмк ыдэжа нэужь, фильм трихыну зэрыхуейр къыжриІащ, абхъаз пщащэм абы дзыхь хуищІри и лэжьыгъэр иритащ.

Зандэрэ Танярэ зэдащІа лэжьыгъэм ехъулІэныгъэ кьахуихьащ – Урысейм и лъэпкъ кино саугъэтыр кьратащ икІи абхъаз пщащэр цІэрыІуэ ищІащ.

Фильмыр теухуащ цІыхухэр зыр адрейм дэІэпыкъуу къыззрыздзэгъуэгурыкІуэн хуэйм, зэхуэгуапэу зэрыщытыпхъэм.

Какалие Зандэ Урысейм щІэныгъэ щызригъэгъуэтауэ, иджыпсту Абхъазым щопсэу, щолажьэ, рекламэхэр, короткометражнэ, полнометражнэ, документальнэ фильмхэр, сериалхэр трех, сабийхэм папщІэ тхьилъхэр етх.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

ЩІалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэр

● ХъыбарегъащІэ

КЪР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэр къыхахын щІадзэ.

РЕСПУБЛИКЭ, щІыпІэ жылагъуэ Іэухущ1апІэхэм, муниципальнэ районхэмрэ кІалэ округхэмрэ самоуправленэмкІэ я органхэм епхауэ лажьэ щІалэгъуалэ зэгухэныгъэхэм, политикэ партхэм я щІыналъэ кІудамэхэм, студент зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкІыу КЪР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм зи лІыкІуэхэр хэзыгъэхьэну хуейхэм КЪР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэухэхэмкі э и комитетым мыпхуэдэ дэфтэхэр ираГъэхьыпхъэщ: кІыізібгъэдэкІ Іэухущ1апІэм и унафэр, хьыхьну зэрыхуейр хабзэм тету кІыщыгъэлъэгъуа тхыгъэр, Іэухущ1апІэм щІалажьэ цІыху бжыгъэр, ЩІалэгъуалэ палатэм хагъэхьэну къагъэлъагъуэм теуХуа тхыгъэ, абы и паспортымрэ кІыиуа езджапІэм и дипломымрэ копие техуэу, щІалажьэ щІыпІэм къыІиха тхыгъэр. Копие зытраха псоми мыхъур тельу щытын хуейщ.

КЪР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм теуХуа положенэм тету яГъэхьэзыра дэфтэрхэр 2023 гъэм ГъатхэпэМ и 13-м пщІондэ Налшык къалэм, Ленин и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 55-нэ унэм и 105-нэ, 107-нэ пэшэм къахьын хуейщ.

Зэпеуэм теухуауэ хъыбар нэхъыбэ кІыижаІэнущ 42-60-84, 40-45-26 телефон-хэмкІэ фыиспалъэмэ.

КЪР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дохутырым насып егуэш

Бакъ Залым хирургщ, Налшык къалэ сымаджэщ №1-м и дохутырщ, Герниологхэм я «GREPA» европей ассоциацэм, Урысейм и хирургхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Дохутыр Іэщ1агъэм гуапагъэ хельагъуэ, аращ зэгуэр абы хуеджэну игу щІрилъхьауэ щытар. Залым и Іэщ1агъэр цІыхум и гуфІыгъэкІэр зыкъомкІэ зыпсыхьщ. Абы епха и щэхуэхэм, гугъуу хэльхэм, фІыуэ щІилъагъум теухуауэ депсэлъащи, ди гуапэу дыздогушэ.

- Залым, сыт щыгъуэ япэу «дохутыр сыхуэныкъо сыхуэйщ» щыжьІпІар?

- Дохутыр сыхьуну сызэрыхуэйр пасэу къызэгурІуауэ щытащ - 8-нэ классым сыщыщІэсым. Сыт къызыжэкІар жьпІэмэ, сщІэрэкъым. Сызэрыщ1ыкІырэ си адэ-анэм къысхахьащ цІыхум сэбэп сахуэхьун зэрыхуейр - абы псэр зыгъэхуабэ къару гуэр зэрыхэльыр зыхьзощІэ. Апхуэдэ гупсысэм изопх дохутыр Іэщ1агъэр мурад схуэхъуауэ щІыщытар. Сэбэп ухъуохэнумэ, удохутырыным Іэмал къует.

- ЩІэныгъэ щІызэбгъэгъуэтар дэнэ? Еджэныр гугъу?

- ЩІэныгъэ щІызэзгъэгъуэтащ медицинэмкІэ Саратов дэт къэрал университетым. Щ1ыпІсщащ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым медицинэмкІэ и къудамэм. Гугъущ медицинэм ухуеджэну. ЩІэныгъэм теухуауэ жэуап зэрыпхыжр зэпымыууэ уи щхьэм ильщи, ущхьэхыкІэ е тхьилъэ Іэпэдэгъэлэп пщыпкІэ Іэмал иІэкъым. Гугъу щхьэкІи, гъэщІэгъэнщ. ПсэкІэ кІыхэпха Іэщ1агъэм епха псоми уэзыІэпешэ - ухуейкъым укъэуведІэжьну. АтІэ, хэбгъэхъуэну уопабгъэ. Аращи, мыр гурэ псэкІэ утемыгушхуамэ, Іэщ1агъэ пхуэхъунукъым. Студент гъащІэм епха гукъэкІыж гуапэхэри куэд и уасэщ си дежкІэ...

Дохутырым зэпымыууэ и щІэныгъэм хигъэхъуэн хуейщ. Ар нэсу къигъэсэбэпырэ и гурэ и щхьэрэ зэтелъмэ, сымаджэм тегушхуауэ бгъэдыхьэфынущ, и узыр щхьэщІыхьфынущ. Армырамэ, медицинэм ущылхэтын щ1ыпкъым. Сэбэп ущымыхъуфнум деж, зэрани умыхъумэ нэхъыфІщ жьІхуэсІещ.

- Дохутырым нэхъыщхьэу сыт хуэдэ щэн хэлъыпхъэ?

- Дохутырым гущІэгъу хэлъын хуейуэ си гугъэщ, ипэрауэ. Сымаджэм и гуныкъуэгъуэр зыхищІэн, абы и гукъыдэжьым еэзыри зэрыкъэкІыфІыхьыфынур къыгурыІуэн хуейщ. Зыкъом елъытауэ си гугъэщ сымаджэм уэзрепсалъэ кІудейми - псалъэ гуапэми си хущхъуэгъуэ кІыхэкІ щыІэщ. Іэмал закъуи иІэкъым дохутырым сымаджэр къулеягъэрэ благъаГъкІэ зэхэзыдыну. Дэтхэнэри и зэхуэдэщ, дэтхэнэми и щхьэр кІырихьэлІащ.

- Сыт уи Іэщ1агъэр фІыуэ пльаГъуным хэлъ щэхур?

- Щ1хууи щ1хуькъым...Сэ згъэзэхьужам и нэкІум кІырих гуфІэгъуэрщ си Іэщ1агъэм нэхъ гурыфІэгъуэшхуэу хэлър. ЦІыхум нэхъыщІхьэ дыдэу иІэр узынщагъэщ. АтІэ узынщагъэм теухуауэ зыгуэрым гупсэхуГъуэ зэрептыфым гъэр зэриГъэнщІыжьр сыту куэд и уасэ! Абдежым зыхэпщІэр пхуроКъу уэзрыдохутырым уринасыпыфІэну.

- Гугъуехьэм я гугъу пщІымэ...

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, дз сэбэп дыхуэмыхъужьыну у уз хэтІэса зиІи къыщыкІуэ щ1ыІщ. Апхуэдэм дыдэІэпыкъуну Іэмал дыщимыІэрщ ди гур щІыхэщІыр.

- Зэпымыууэ медицинэмкІэ зэхьзэзэхэм, щІэнІуатэхэм уэхтщ...

- Илъэсым ЕкъурибудІэу зыбжанэрэ хирургием теуХуа дунейпсо конференцхэм докІуэ. МедицинэмкІэ нэхъ лъэщ дыдэу къыщащІыльэтхэм уедэІуэным куэдым ухуеГъасэ. Медицинэм зеужь. А зыужьыкІэм зэпымыууэ ущыгуэзэзымкІэ, Іэщ1агъэм куууэ уэхтыныимкІэ конференцэхэр хуабжьу сэбэпщ. Лэжьыгъэ кІуэнкІэ зэрыхъунур. Лавров Сергей къыхигъэщащ апхуэдэ щІыкІэкІэ а къэралхэр лыГъэшхуэр зыдзынкІэ хъуну мафІэм «зэрыриджэгу».

УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий жиІащ къуэкІыпІэ къэралхэм Украинэр Іэщ1агъэ дзэ техникэкІэ къызэрызэрагъэпэщыр урысей-украинэ зэпсэльэныгъэхэр зэгурыІуэныгъэкІэ иухыным зэранешхуэ зэрыхуэхъур.

Мазаем и 14, *гъубж*

♦ЗэгуэкІуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Тхьилъхэр саугъэт щІыным и дунейпсо махуэщ

♦1932 гъэм кІалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, 1997 - 2000 гъэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу щыта **Акъбащ Борис**.

♦1951 гъэм кІалъхуащ КЪБР-м промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и гъэкІэкІуэ, политик **Атальыкъ Анатолэ**.

♦1954 гъэм кІалъхуащ техникэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КЪБКЪУ-м и профессор **Батыр Умар**.

♦1966 гъэм кІалъхуащ «Советская молодежь» газетым жуэап зыхь и секретарь, ЩІэныгъэ зиІэ и журналист **Къардэн Марина**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щІыІэр градус 1 - 0 щыхьэнущ.

Мазаем и 15, *бэрэжьей*

♦Льых узыфэр зэфыкІ сабепльмащэ

♦ЩІэныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэмрэ Беларусь Республикэмрэ щагъэльапІэ зи кІалэн зыгъэщІэну нэгъуэщІ къэралэм щыхэкІуэда зауэлІэм я фэеПь махуэр

♦1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр кІыізэрагъэщащ.

♦1932 гъэм кІалъхуащ апэ адыгэ сурэтыщІ-скульптор **Къалмыкъ Фёдор**.

♦1940 гъэм кІалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КЪБР-мрэ КъШР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Зумакулов Борис**.

♦1951 гъэм кІалъхуащ мэкъумэщ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыдакъ Рашид**.

♦1970 гъэм кІалъхуащ Израильым щыпсэу адыгэхэм ящыщ, щІэныгъэхэмкІэ доктор, Кавказымрэ Щэрджэс щІынальэмрэ ятеухуауэ тхыгъэхэр зи Іэдакъэ хьыщІэкІа **Хъун Яхья**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэриты мкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щІыІэр градуси 3 - 2 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псалъэр бутІыпщамэ, аркъэн кІэлъумыдзыж.

● Егъэджакіуэмрэ унэтІакіуэмрэ я илъэс

Лъабжьэр быдэмэ...

И къэкІуэнум телажьэ къэралым курыт еджапІэм гулъытэ ин хуищІын хуейщ, сыту жыпІэмэ аращ къыщІэхъуэ щІэблэм я гупсэм зэщыуэкІ, гъэсэныгъэ щигъуэт Іуэхущ1апІэр. Ныбжьыщ1эхэм школым щрат щІэныгъэр пэжу, щ1ызу, гурыІуэгъуэ иКІи лъабжьэ быдэ иІэуи щытыпхъэщ. Апхуэдэ гупсысэкъэ и гъэзугъэльагъуэу егъэджэныгъэгъэсэныгъэ Іэнатіэм пэрытщ Шорэн (Хьэкъун) Хьэлимэт Алихьан и пхъур. Ар илъэс 35-м нэсауэ щолажьэ Аруан щІыналъэм хьыхьэ Аруан жьлэм дзт курыт школым, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щригъэджу.

ЩІЭНЫГЪЭМ пщІэ щ1ызуащІ Хьэкъунхэ Алихьанрэ Жанпагуэрэ я унагъуэшхэм къыщыхьауащ Хьэлимэт. Заирэт Іэминат, Аллэ, Хьэсэнбий, Хьэлимэтрэ ФатІимэтрэ (ахэр зэтІолъхуэныкъуэт) зэрыбинитхум я адэ Алихьан илъэс 35-кІэ школым щылэжьащ, пщІэндзэ классхэм я егъэджакІуэу. А Іэнатіэм заулкІэ пирштыр Жанпагуэ. Адэ-анэм яхуэзэфІэкІащ я бынхэм ящыщ дэтхэнэми Іэщ1агъэфІэр Іэщ1агъэ екІуэ ирагъэгъуэтын, нэхъыщхьэращи, лъэпкъ гъэсэныгъэ екІу иратын. Зэшыпхъуэхэм ящыщу плІыр адэ-анэм я лъэужьым ириКІуащ: егъэджакІуэ Іэщ1агъэм хуеджащ; щыр ноби а Іэнатіэм пэрытщ, ехъулІэныгъэфхэр яІэу.

Я жьлэм дэт курыт школыр ехъулІэныгъэкІэ кІиуэкри, Хьэлимэт еджэным щ1ыпащ1ащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие къудамэм. «Адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ» Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ зэзыгъэгъуэта бзылъхугъэм 1988 гъэм лэжьэн щ1ыщІдзащ Аруан кІуачэм дэт курыт школым. Абы лъандэрэ блэкІа зэман кІыхьым къриубыдзу зэи къэхъуакъым Хьэлимэт кІыхьиха Іэщ1агъэм щ1ызщІелъуэжа, зыпэрыува Іэнатіэм щІэздзащІ.

Егъэджакіуэ Іэкіуэлъакіуэм анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ хуиІэ лъагъуныгъэр инщ, кІабзэщ. И нэІэм щІэт ныбжьыщ1эхэм я гурыщ1экІэ ядэгъуащэу, Хьэлимэт хущІокъу анэбзэм и Іэфіагъыр, литературэ тхыгъэхэм я мыхьэнэ иныр абыхэм гурэ псэкІэ захригъэщІэну. Шорэным и дерсхэм я мурад нэхъыщ1ыкр хуэгъэпсащ адыгэхэм игъащІэм кІыддекІуэкІ лъэпкъ лъапІэныгъэхэу «хабзэ», «нэмыс» хуэдэхэм щ1эблэр щІэпІыкІыным, ахэр и тегъэщІапІэу пэжырытхэм, екІу псалъэныным, я Іуэху епльакІэхэр яубзыхуэр утыку ирахьэфыным хуэгъэсэным. Бгъэдэль апхуэдэ зэфІэкІ льагъэхращ Хьэтлохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм Шорэн Хьэлимэт ФІыщІэгуапэ тхьилъкІэ нэхъапІэІуэкІэ щІигъэпэжар.

Технологие лъагэм, техникэ пэрытым тещІыхьа иджырей егъэджэныгъэ Іэмалхэр іэныгъэм кІыщыгъэсэбэпныр щІэблэм ядэлажьэхэм зэманым къапигъэтІылъ Іуэхугъуэу зэрыщытыр фІыуэ кІыізэгурыІуэ егъэджакІуэщ Хьэлимэт. Абы иригъэкІуэл дерсхэм кІэдгъэ хеухуанэ апхуэдэ Іэмалхэр. Компьютерным и зэфІэкІхэр кІыгъэсэбэпурэ, егъэджакІуэм ныбжьыщ1эхэм папщІэ зэкъегъэвэ дерс гъэщІэгъэнхэр, джэгу-зэпеуэр зи лъабжьэ лэжьыгъэхэр, ребусхэр, псалъэзэблэдзкэр. Абы зэрыжиІэмкІэ, ахэр хуабжьу сэбэпныщ1ухэщ сабийр предметым нэхъри дегъэхьэхьынымкІэ, абы и зэхэщІыкІым, зэфІэкІхэм адэжи зегъэужьынымкІэ. ШколаКІуэхэм ядж предметхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр дерсхэм наІуэ яшІыщиІуэрэ, Хьэлимэт цІыкІухэм кІаугурегъаІуэ дунейм щеКІуэкІ ІуэхъукъащІэхэм я нэхъыбапІэр зыр адрейм епхауэ зэрекІуэкІыр. Апхуэдэщ, къапщтэмэ бзэм псалъэщІэ къыщыхьхьэр, зэрыхэкІуэдыкІыжьр.

- Бззр зызыужь, зызыхъужь, псэ зыІут къэхъугъэу зэрыщытыр наІуэ къэохъу предметхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэм сабийхэр щакІэльльэгъэплъкІэ. Къапщтэмэ, ди іэпэкъым къыкІуэ тхыдэ гъуэгуанэр, гъащІэм игъуэт зыужьыныгъэр, цІыху зэхущытыкІэхэр ди бзэм къыззэрыхэщыр, абы псалъэщІэхэмкІэ е псалъэ зэпхахэмкІэ къыззэрыщыкІуэр яфІэхьэлэмэтщ абыхэм, - жеІэ егъэджакІуэм. - Апхуэдэу Іуэхум хьдолъытэ иджырей щІэблэр ауэ дерс гъущэ къудейкІэ къызэрыпхудэмыхьэхьынур - лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу егъэджакІуэ жьыджэрыр, абы и еджакІуэ цІыкІуэр дапщэщи хэтщ республикэм, районым къыщыхахьэ зэпеуэ зэзмІэужьыгъуэхэм. Зэкъым иКІи тІэукъым Шорэным иригъаджэ ныбжьыщ1эхэр бзэмкІэ зэпеуэхэм пашэ щ1ыхьуахэм зэрыхальэгар. Илъэсищ зэкІэлъхьэужьым къриубыдзу Шорэным и гъэсэнхэм япэ увыпІэхэр къыщахьащ «Хэкурыдж», «Усэм гъэзуауэ кьеджэн», «Литературэ викторинэ», «Нартхэм я фІыгъуэ» зэпеуэ унэтІныныгъэхэм. Куэд щІакъым Хьэлимэт игъэхьэзыра еджакІуэ цІыкІур «Адыгэ пщащэ» республикэпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэм пашэ зэрыщ1ыхъурэ. 2022 - 2023 гъэ еджэгъуэм къриубыдзу къэралым къыщыззэрагъэпэщ Школаклуэхэм я урысейпсо олимпиадэмэ хэтащ Шорэным и нэІэм щІэт ныбжьыщ1эхэр. Абыхэм ящыщу тІур щытекІуащ щІыпІэ зэпеуэм.

- ЩІэблэм щІэныгъэ ябгъэдэлъхьэнымрэ гъэсэнымрэ зэпэщ1ьэхуэу ебгъэкІуэкІ мыхъуну Іуэхугъуэхэм ящ1ыщщ: цІыху гъэсащ1ащ къыпхуэгъэдэІуэнрэ, щІэныгъэфІ зэптыфынри. Ар фІыуэ къыдгурОІуэ ебгъэкІуэкІэхэм ижьи гупльэтшхуэ худощІ ди жьлэм къыдэхъуэ щІэблэр лъэпкъ хабзэм тету зэрыдгъэсэным, - и гупсысэкъэм пещэ Шорэным. - «Лъабжьэр быдэмэ, щхьэкІэр лъэщІ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. ДолІалІэ ди еджакІуэхэр хэкупсэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ пщІэ хуащІу, ахэр яхэлъу, къызыхэкІа лъэпкъ уардэм и нэхъыжьыфІхэм яхуэфащэу, щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным хуэпабгъэу къызэрыдгъэтэждыным. АбыкІэ сэбэп къытхуохьу ди гъэсэнхэм я адэ-анэхэри. ЯщрэмыфІу къетхъэжьэхэм ящ1ыщ дэтхэнэри къыддеІыгъ ди школым и унафащІ Къардэн Инни.

ЖэуаплинныгъэщІ зыпылъ Іэнатіэм хъарзынэу ехъулІэ бзылъхугъэм унагъуэ дахи и щІыбагъ къыдэтщ. Абырэ и щхьэгъусэ Алексейрэ зэгурыІуэрэ зэдзІуэжу, пщІэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлъу мэпсэу. Зэщхьэгъусэхэм бынитІ къащІэжьауащ: Исламрэ Дианэрэ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэщ1 абыхэм, я лэжьыгъэ Іэнатіэхэр тэмэму ирахьэкІ, унагъуи хьужакъущ. Абыхэм къащІэхъуэ щІэблэм ирогушхуэ, ирогуфІэ унагъуэм и нэхъыжьхэр.

Апхуэдэу, лэжьыгъэ Іэнатіэм ехъулІэныгъэфІэхэр щызыІэригъэхьэу, унагъуэкІи зэпэщІ. ГъащІэ купщафІэ ирехьэкІ Шорэн Хьэлимэт. ЕгъэджакІуэ Іэзэм, унэтІакІуэ Іэкіуэлъакіуэм, бзылъхугъэ щыпкъэм дохъуэхъу хьэлэлу зыпэрыт лэжьыгъэм и хъер куэд илъагъуну, и бынхэм я насып куэд хэпльэну. ЕгъэджакІуэмрэ унэтІакІуэмрэ я илъэсыр угъурлы пхуэхъуну ди гуапэщ, щІэблэм я ущиякІуэ нэс Шорэн Хьэлимэт.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ЩІыуэпс

Іуащхьэмахуэ къэушыну?

Европэ псор зэрыпагэ Іуащ1ьэмахуэр Іуащ1ьэ къудейуэ къэтлъытэу дыкъокІуэкІ ижь-ижьыж лъандэрэ. ЩІэныгъэм зиужьщ, къэхутэныгъэхэр нэхъыбэ хъури, Іуащ1ьэмахуэ зэрыкъэбзкъауэр (вулкан) къэтщІащ. Нобэр къыздэсым щІыпІэм-гъэлІэхэм жаІэрт ар вулканыжьу, мышынатъуэу, «жеижауэ». Ауэ Іуэхур дыззэригъэм щыщІыпІэкъым.

АДЫГЭМ и тхыдэр зэриц1ыхьэрэ, нэхъыщІ щІыпІэ къымыкІауэ, мы щІыналъэм къыщигъэщІауэ щопсэу. А лъэхъэнэм зэриубыдэуи Іуащ1ьэмахуэр фІэщІыгъэщІэ куэд зэририхьащ: Ущ1ьхэ (уафэм и щхьэ жьыхуиІэщ), Насып Іуащ1ьэ, Іуащ1ьэмахуэ, Эльбрус. Іуэрыіуатэм тепщІыхьмэ, а Іуащ1ьэр Псатхъэ и хущІапІэт. «ПщІэрджьажьэ къэ Іуащ1ьэ щы-гум къыІотуэвэ Тхьэшхуэри, зеПлъыхь. Хэт сыт хуэныкъуэми, щІэхъуэпсми, хуэчэмми ельаГъу абы. Псатхъэ нэхъ гъунэгъу зыхуащІу лъ-аІуэхэри куэду йокІуаІэ Насып Іуащ1ьэ и лъапэм. Бын зимыІэу щІэпІэІуэ зэхех, гъуэщ1ауэ гъэзвэгъуэ зытелъыр ельагъу, узым къигъэдэхьхэм и щэІу макъыр пльойс, апхуэдэу, дэтхэнэ зыми насып трегуащэри, мбзэзхьк.

Насып Іуащ1ьэм и къэунэхуакІари тельджэщ... Зэгуэр щІы лъабжьэм щ1ыжей благъуэр зэуэшауэ дунейм къытехьэну ныкъуакъуэ ЫсеІэрт. КъеІэжьхьи, мыпхуэдэ зы Іуащ1ьэм зыкъиІэтыр, благъуэм и къарур хуримыкъуу, щІыр кІыззэгумывгъэфІ. Ауэрэ Насып Іуащ1ьэ деж къыщ1ыщІакІащ сытмэ, мафІэр къыІурыльэлъэрэ, Іэхэльхэр зэхихсьэ. Абы щІыгъуэу жаІэ Псатхъэ хьэршым къехьу, Насып Іуащ1ьэ къыщ1ытетІысьхар, щІыхэр а благъуэмкІэ щихъумэн пащІэ», - еІуатэ адыгэ хъыбарыжьым.

ДызыхэпсэукІ зэманым ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм ятепщІыхьмэ, Іуащ1ьэмахуэ Щ1эныгъэмкІэ и Академиемэ Петропавловск-Камчатскэм щиІэ къудамэмрэ Геофизическэ Іуащ1ьэмрэ. Абыхэм ядж Іуащ1ьэмахуэ и эпкъгрыкІыкІэр, и мывэхэр къызэхэщІыкІар, и пщтырагъыр, и лъабжьэр зэрызекІуэр, зэрыхьейр, къыщІыІу макъэр. ЩІэныгъэлІэхэм яхуэзфІокІ, щІыр къамытІэщІми, щІы лъабжьэм къыщ1ыхьэхэр зэрагъэщІну. Арами, Іуащ1ьэмахуэ къыщІыуэр мыраш жаІэу, ныдыкІыкІауэ жэуап къыуатыфынукъым. ЖаІэр зыщ: вулканыр къэуэфынущ илъэс 50 дэкІмэ е илъэс нкІыуэм къриубыдэу, ауэ и кІыкІыгъэр къызэрыблэгъар хьэкъщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Дунейм щ1ыхъыбархэр

ЗэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэу

Урысейм и щ1ыхэр нэхъыбэрэ зыплъыхьакІуэ зэдкІуэу къэралхэм ящ1ыщ Мысырыр (Египетыр). КъэралитІым я зэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэн, зыгъэпсэхуакІуэхэм я Іуэхуэр нэхъ тыншу дэкІын папщІэ зэрыщ1ахуэ «Мир» урысей картэр а хэкуми щ1ызекІуэу щІыным теухуа зэпсэльэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ.

- «Мир» картэр Мысырым къыщыгъэсэбэпныкмкІэ къэралым и унафэщІхэм я гъусэу зэхьІпІэжьэ доубэыху . Абы сэбэныгъэщ къахухьыкІэ хъунур нэгъэсауэ зэпамылъыгъауэ Іуэхум зэрытемыгушхуэнур гурыІуэгъуэ. Нэгъабэ абы зыхуагъэхьэзыру техникэ и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэшхуэ зэхфІагъэкІауэ, ауэ и щхьэр унафэ пыІуэкІа къащтакъым, - жиІащ Урысейм и лІыкІуэу Мысырым щ1ыІэ Борисенкэ Георгий.

Дипломатым къыхигъэщащ а Іуэхур псынщІэу зэфІыхьатэмэ, Урысейм икІыу а къэралым кІуэ туристхэм я бжьгъэр нэхъыбэж зэрыхъунур, абы и фІыгъэкІи а къэралым хэхъуэ хъарзынэхэр зэраІэнур.

Зэгурыіуэныгъэм зэран хуохъу

Украинэм и президент Зеленский Владимир иджыблагъэ Инджылызым щ1ыкІуам я парламентым зыхуигъэзащ зауэм хуэщІа кхъухьлъатэхэмкІэ дэІэпыкъуэгъу къахуэхъуну. Абы иужькІэ къэралым и премьер-министр Сунак Риши зыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм и Іэтащхьэм пщэрлъ щищІащ Украинэм иратыфыну кхъухьлъатэхэр зыхуэдэр зэхагъэхІыну.

УФ-м Хамэ къэрал Іуэхухэмкі э и министерствэм нэхъапэкІэ НАТО-м хьыкъэ къэралхэм яжриІауэ щытащ Украинэр Іэщ1агъэ кІыззэгъэпэщыным щ1ытыкІэр нэхъ Іей зэрищІыр, пхуэмыгъэзэкІуэжьын Іуэхугъуэхэр абы къриКІуэнкІэ дежьа нэужь, зырыдогъэхьэлІэ медицинэм теухуа къэхутэныгъэ щІэщІыгъэхэм я Іуэхугъэхэм. Иджыблагъэ, псалъэм щхьэкІэ, Эндоскопиемрэ хирургиемкІэ Москва щекІуэкІа дунейпсо фестиваль дыщІащІ. ЖыІэнэрамэ, си Іэщ1агъэм нэхъри пэгъунэгъу сыхуэхъуауэ сыкъекІуэлІэжащ.

- Гъащ1эм щапхъэ щ1ыпхуэхъур хэт?

- Си гугъэщ дэтхэнэ цІыхуми яПэ дыдэу щапхъэ хуэхъур и адэ-анэрауэ. Ахэращи си хьэл-щэным, ехъулІэныгъэхэм, гъащІэ хъужьм хуэиІэ елПъыкІэхэм теухуауэ псом яПэ фІыщІэ зыхуэсщІыр. Я цІэр къисІуэну си гуапэщ Іэщ1агъэ схуэхъуам хэсча лъэбакъуэхэм щапхъэрэ чэнджэщкІэ сытезыгъэгушхуа, гъэзугъэльагъуэ схуэхъуа ежьагъэ ЖыІэ. КЪБР-м узынщагъэр хьумэныкмкІэ и министр Хьэлэбатэ Рустам, ди сымаджэщым и хирург нэхъыщІхьэ Бахъсэнокъуэ Залым, хирургиемкІэ къудамэм и унафэщІ Дадэ Алим. Гъащ1эшхуэ ирахьэлІащ абыхэм я щІэныгъэмкІэ къыддэгъэшэн папщІэ.

- Сабиигъуэм пхэльа хьэл-щэнхэм щ1ыщ балигъ гъащІэм къыздэпхьа?

- Сыщ1ыкІыкІ ягъэлеягъуэ сыдрийпсрийуэ сыщытащ, сыпсынщІащэт. Иджыпсту а псынщІагъэм щ1ыщ зыри схэльыж си гугъэкъым - сабиигъуэм зыщ1ыгъэнщІри, балигъ гъащІэм зэпІэзэрыты сыкхьыхьауэ жьІпІэ хъунущ.

- Насыпыр сыт?

- Насыпыр фІыуэ плъагъуэр узынщэнырщ!

- Тхьэм а насыпыр уиІэу уигъэпсэу!

Елсэлъар

ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Щ1эныгъэм и дунейм

Сочэ къалэм дэт, «Сириус» зи фIэщыгъэ, щIэныгъэмрэ гуэзаджэмрэ я паркым щIэныгъэлI щIекIуакIэхэм я II Урысейпсо зэIущIэшхуэ щIекIуэкIащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIэныгъэрыпсэухэри. ЩIэныгъэ дунаймрэ технологиемрэ иужьрей илъэсыкIэм къыщыхъуэ Іухуэгъэшхуэхэм ящыщу къэлъытапхъэщ а зэхуэсри, сыту жыпIэмэ абы зэриешэлIар щIэныгъэрылажьэ ныбжьыщIэхэм я закъуэхъым, атIэ хьарычэтыщIэ Іэнатlэм зэрытхэри, къэрал корпорацэшхуэхэм, къуалыкъуалIэхэм я лэжьакIуэхэри, зэхьэзэхуэхэмрэ зэпеуэхэмрэ щытекIуахэри, грант зэмылIэужьыкIуэхэм къэзыхьыфа студентхэри, курыт еджапIэхэм щIэсхэри зэригъэлIуфащ.

ЩIэныгъэ-технологие зэхуэсышхуэм и лэжьыгъэм а Іэнатlэм пыщIа къуалыкъуалIэхэм, университетхэм, институтхэм, академиехэм, щIэныгъэхэм кIыкIыу цIыху миниплIым щIигъу, щIэныгъэ-къэхутакIуэ Іухуэщ1эпIэхэм я лэжьакIуэу цIыху 500-м нэблагъэ хэтащ. Зэхуэсым щыщекIуакIэр Урысейм и щIыналъэхэм я къыбарегъащIэ Іэнатlэхэм я лIыкIуэу цIыхуищ щIигъум хэIущIыкIу ящIу лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуакIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэ гупым хэтащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и уэрэфхэлIыгъ и къудэз, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Абазэ Алексей, ЩIэныгъэ центрым есэп гуэдзэмрэ автоматизацэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ Багъэтыр ФатIимэ, Бгылъэ геофизикэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ, КъБР-м и Іэнатlэхэм щIэныгъэмрэ къэхутэныгъэщIэхэмкIэ и саугъэтыр зыхуагъэфэща Кущев Станислав, ЩIэныгъэ центрым и щIэныгъэ-егъэджэныгъэ къудамэм и Іэщ1агъэлI пашэ Лэкъун Дианэ, КъБКъУ-м ЩIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ къэхутэныгъэщIэхэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ Асхэр, Информатикэмрэ щIыналъэхэм унафэр щызэгъэкIуэнымкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Уянаевэ Хьэлимэт, ЩIэныгъэ центрым есэп гуэдзэмрэ автоматизацэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ КъБР-м и Іэнатlэхьэм щIэныгъэмрэ къэхутэныгъэщIэхэмкIэ и саугъэтым и лауреат Гъыдзэ Луизэ сымэ.

Зэхуэсым курых хэхъуэщ УФ-м и Президент Путин Владимир абы къекIуэлIа щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм ядригъэкIуакIа псалъэмакъыр. Къэрал Пащтыкъэм и къэспатIэхэм щIэныгъэмрэ технологиемрэ екъэлIа Іухуэгъуэ зэлымыбзхэм, аэр зэблагъэкIым, зыужьыгъуэ имыхуэ Іэнатlэхэм кIуэрабгъэкIуэр къаухэгъуэтын зэрыхуэйм, щIэныгъэмрэ технологиемрэ ятеухуа программэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхалъхьэну къаззэрыпэщIыпIым, технологием иджыпеят дунейр здынышэса лъагапIэхэм щIэныгъэм и унэтIныгъэхэр имыгъэундэращхъуэу, атIэ зэпIэзэрыпу хуэшэн къалэнхэр къыззэрыувым.

Абы нэмыщI, щIэныгъэм хрихьэлIащ хамэ къэрал 44-м я лIыкIуэхэр. Апхуэдэу щIэныгъэ утыкум я гупсысэгъэ дунейпсы лъагъуэкIэ щIалэгъуалэм ядэгъашIоу итащ Австриеи, Китаймрэ, Иранымрэ, Мысырымрэ, Тыркуми, Щамыми, Франджыми, Узбекистанми, Къэзахстанми, Белоруссиеми я щIэныгъэлIэхэр, къэхутакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр. Псори зэгъуэсу щIэныгъэ-технологие зэхуэсым Іухуэри 152-рэ къыщIэтащ. Дунейпсо, къэралпсо, хэгъэгупсо мыхьэнэ зиIэ Іухуэгъуэхэм ирипсалъэу утыку цIыху 770-рэ къихьащ. Абыхэм яхэтащ щIэныгъэрылажьэхэм жылагъуэ зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщащэ, хуиту апхуэдэ зэпеуэхэм хохьэ, я щIэныгъэ жэрдэмхэр зэрытIасэ грант программэхэр ягъэзащIэ», – жиIащ Абазэ Алексей.

Щхьэхуэгъэ тепсэлъыхьащ ирагъакIуэкI къэхутэныгъэхэм текIуадэ мыпхур къыззэрыдах щIыкIэхэм, ар къызэрызэгъэпэщащ. «КъБР-м и бюджетым къыхэкIыу щIэныгъэм занщIэу хуэкIуэу мылъку хуиутIыщыркъым илъэс куэд щIауэ, ауэ къыдэдмыIэпыкъууи щыткъым. Псальэм и хьэтыркIэ, «ЩIэныгъэм хуэкIуэ гъуэгуэкр» щIэныгъэр щекIуэкIар Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щIэныгъэ лэжьыгъэм хэт щIалэгъуалэр зэгъэуIуным, зиужь ит къэхутэныгъэхэмкIэ щызэрыщIэ Іэнатlэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа къудамэрат. Мыбы мыхьэнэ щIеттын хуей щIэныгъэгъэкIуэ щыIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм Іэнатlэхэм я лIыкIуэу цIыхуищ щIигъум хэIущIыкIу ящIу лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуакIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэ гупым хэтащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и уэрэфхэлIыгъ и къудэз, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Абазэ Алексей, ЩIэныгъэ центрым есэп гуэдзэмрэ автоматизацэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ Багъэтыр ФатIимэ, Бгылъэ геофизикэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ, КъБР-м и Іэнатlэхьэм щIэныгъэмрэ къэхутэныгъэщIэхэмкIэ и саугъэтым зыхуагъэфэща Кущев Станислав, ЩIэныгъэ центрым и щIэныгъэ-егъэджэныгъэ къудамэм и Іэщ1агъэлI пашэ Лэкъун Дианэ, КъБКъУ-м ЩIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ къэхутэныгъэщIэхэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Уянаевэ Хьэлимэт, ЩIэныгъэ центрым есэп гуэдзэмрэ автоматизацэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ КъБР-м и Іэнатlэхьэм щIэныгъэмрэ къэхутэныгъэщIэхэмкIэ и саугъэтым и лауреат Гъыдзэ Луизэ сымэ.

Зэхуэсым курых хэхъуэщ УФ-м и Президент Путин Владимир абы къекIуэлIа щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм ядригъэкIуакIа псальэмакъыр. Къэрал Пащтыкъэм и къэспатIэхэм щIэныгъэмрэ технологиемрэ екъэлIа Іухуэгъуэ зэлымыбзхэм, аэр зэблагъэкIым, зыужьыгъуэ имыхуэ Іэнатlэхэм кIуэрабгъэкIуэр къаухэгъуэтын зэрыхуэйм, щIэныгъэмрэ технологиемрэ ятеухуа программэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхалъхьэну къаззэрыпэщIыпIым, технологием иджыпеят дунейр здынышэса лъагапIэхэм щIэныгъэм и унэтIныгъэхэр имыгъэундэращхъуэу, атIэ зэпIэзэрыпу хуэшэн къалэнхэр къыззэрыувым.

Абы нэмыщI, щIэныгъэм хрихьэлIащ хамэ къэрал 44-м я лIыкIуэхэр. Апхуэдэу щIэныгъэ утыкум я гупсысэгъэ дунейпсы лъагъуэкIэ щIалэгъуалэм ядэгъашIоу итащ Австриеи, Китаймрэ, Иранымрэ, Мысырымрэ, Тыркуми, Щамыми, Франджыми, Узбекистанми, Къэзахстанми, Белоруссиеми я щIэныгъэлIэхэр, къэхутакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр. Псори зэгъуэсу щIэныгъэ-технологие зэхуэсым Іухуэри 152-рэ къыщIэтащ. Дунейпсо, къэралпсо, хэгъэгупсо мыхьэнэ зиIэ Іухуэгъуэхэм ирипсалъэу утыку цIыху 770-рэ къихьащ. Абыхэм яхэтащ щIэныгъэрылажьэхэм жылагъуэ зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщащэ, хуиту апхуэдэ зэпеуэхэм хохьэ, я щIэныгъэ жэрдэмхэр зэрытIасэ грант программэхэр зэрагъэщIэ», – жиIащ Абазэ Алексей.

Щхьэхуэгъэ тепсэлъыхьащ ирагъакIуэкI къэхутэныгъэхэм текIуадэ мыпхур къыззэрыдах щIыкIэхэм, ар къызэрызэгъэпэщащ. «КъБР-м и бюджетым къыхэкIыу щIэныгъэм занщIэу хуэкIуэу мылъку хуиутIыщырк

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ЩхъуэкIэплъыкIэхэр зэхеухуанэ

Лъэпкъ къэрал музейм мазаем и 7-м щыщIэдзауэ щагъэлъагъуэ КъБР-м и цIыхубэ художник, Художествэхэмкl Урысей Академием и академик, Урысейм и Абстракционистхэм (САБРОС), «Урысейм и сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэ» творческэ жылагъуэ союзхэм хэт Къанокъуэ Руслан и лэжьыгъэ телъыджэхэр.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Iэминэ** выставкэр къыщыдзэIуихым жиIащ зи абстракцэ лэжьыгъэхэр япэу ди щIыналъэм щагъэлъагъуэ Къаноокъуэ Руслан и Iэпщlэлъапщlагъэм щIэи гъуэн зэримыIар, абы и Iэдакъэщlэкlхэр зыми зэремыщхьыр.

- Зи хъэтI зиIэж Къаноокъуэ Руслан и сурэтхэм хуэдэ зы щIыпIи щIыплъагъунукъым. Урысейм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI выставкэ зэмылIэужьыгъуэхэм утыку къыщIихьэ и лэжьыгъэхэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн ящохъу, - жиIащ Карчаевэм. - Гъэзэджэмрэ щэнхабзэмрэ зыгъэбей, дыззрыгушхуэ сурэтыщIым дяпэкIи и Iэщlагъэм ехъулIэныгъэхэр щIэну, и хъуэпсапIэхэр къехъулIэну ди гуапэщ! Республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщlэхэмрэ сынывохъухъэху выставкэ купщlафIэмкIэ!

КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щылажьэ Эксперт-аналитикэ центрым и унафэщI **Тау Пщыкъан** и псалъэм къыхигъэщащ Руслан гъэзэджэм и Iэужьыгъуэ щIэщыгъуэ къызэрыхихар, цIыхум и гурыгъу-гурыщlэхэр гъэджэм хуэдэу къызэригъэлъагъуэр, и абстракцэ лэжьыгъэхэр нобэрей гъащIэм зэрыпэджэжыр.

Зэхьхьэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Токъу Руслан**, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Жылэ Анатолэ**, КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Сурхайханов Ибрэхьим**, КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Къаныкъуэ Жаннэ**, Налшык къалэ округым и къалэ Советым и депутат **КIыщокъуэ Руслан**, УФ-м и Сурэттеххэм я зэгухьэныгъэм хэт, Творчествэхэмкlэ Дунейпсо академием и академик, сурэтыщI **Вэрокъуэ Заур** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къэпсэлъэхэм гу лъатащ лэжьыгъэхьэлIахэм икIи жиIащ гъуэзджэм дихьэххэр и зэфIэкIхэмкIэ игъэгуфIэну зэригуапэр.

Гъуэзджэм и лIэужьыгъуэ куэдым Къаноокъуэр зэрыхуэIэкIуэльэкIуэр умыгъэшlэгъуэн плъэкIырхьым. Выставкэм хагъэхьащ абы дамыгъэхэмрэ плъыфэхэмрэ куэду зыхиухуэна «ЦIыхухъу-цIыхубэ», «Гъэм и зэманхэр», «ШейтIан фызышэ» зыфIища компьютер графикэ лэжьыгъэхэр. Сурэт щIыным, графикэм къыдэкIуэу, декоративнэ-прикладной гъуэзджэм зэфIэкIхэр щIиащ, ар гъущIымрэ пхъэмрэ йолэжь. ИтIанэ, Руслан и лэжьыгъэхэр зыми хэбгъэгъуэщэнкIэ Iэмал иIэкъым, плъыфэ щхъуэкIэплъыкIэхэр апхуэдизкIэ екIуу хеухуанэрэ.

Къаноокъуэ Руслан Башир и къуэр Аруан районым хьихьэ Шытхьэпэ къуажэм 1949 гъэм къыщалъхуащ. Орёл къалэм промышленностым, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я дизайнерхэр щагъэхьэзыр художественнэ училищэр 1976 гъэм кIыуэхащ, художник-гъэщIэрэщIаклуэ Iэщlагъэр иIзу. И лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуащ «Панорама» художественнэ галереем, Минводы, Сочэ, Грознэ къалэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм. Къищынэмыщlауэ, и Iэдакъэщlэкlхэм дихьэххэм Iэмал яIэщ ахэр зэпымыууэ щагъэлъагъуэ Radisson Blu (Сочэ), «Синдика» (Налшык) художественнэ салоным зыщыхагъэгъуэзэну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Тхыгъыщlэ

«Щихухэр иджыри мэкI»



Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, Къэрал саугъэтым и лауреат Къэрмокъуэ Мухьэмэд (1929 - 2015) и роман щIэрыIуэм и ещанэ Iыхьэр.

ЗИ тхыгъэхэр куэдым фIыуэ ялъэгъуа Къэрмокъуэ Мухьэмэд и къалэмыпэм къыщIэкIащ лъэпкъыр зэрыгушхуэ цIыху гъуэзэджэхэм, щэнхабзэм, литературэм, щIэныгъэм, узыншагъэм пщIэрэ щIытхъуэ щIызIахэм ятеухуа тхыгъэ купщlафIэхэр, повесть, роман, пьесэ щIэщIыгъуэхэр, рассказхэр, гушыIэхэр, хъыбархэр, гукъэкIыжхэр. Апхуэдэхэщ «Азэмэт», «Къоджэм уигъэжейркъым», «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», «ХьэтIохъуащкIыеуэ хьыбархэр», «ЦIыхухъу нэпс» тхылъхэр.

Къэрмокъуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм я нэхъ цIэрыIуэ хъуахэм ящыщщ «Щихухэр иджыри мэкI» романыр. Тхылъыр СССР-м щыпсэу цIыху минхэм ягу дихьат. Нобэр къыщIэсми лIэщIыгъуэ ныкъуэ и пэ псэуа лIыхъужьхэм къытращlыкIа а тхыгъэм щIэупщIэ иIэщ.

- МашIащ щыгъуаззэр Къэрмокъуэ Мухьэмэд и романым къыпысыщэ, Мэремкъуэ Iащэ зэридзэкIа ещанэ Iыхьэр 2007 гъэм къызэрыдэкIам, - жеIэ Котляров Виктор. - Абы и пэублэ псалъэм Къэрмокъуэм щитхат: «Щихухэр иджыри мэкI» романым и ещанэ Iыхьэр фи пащхьэ изолъхьэ. Ятеухуа щIэрыIуэ, ещанэмэ гъащIэм и пэж куэд тхылъеджэхэм къыщагъэтынущ. Тхьэм солъэIу тхылъеджэхэм гунэс фщыхъуну».

А пэублэ псалъэр Къэрмокъуэм зэритхэр илъэс 15 дэкIыжащ. Абы лъандэрэ гъащIэм зихъуэжащ. ИтIани, а лIыхъужьхэм я гурыгъу-гурыщlэхэм дахьэх тхылъеджэхэр щыIащ, нэхъатэхэми хуэдэу, гъащIэр макIуэ, щихухэр иджыри мэкI.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

● Щхъуэкlэплъыкlэхэр

Тхыдэ-хэкурыдж музей

Иужьрей лъэхъэнэм къэралым гулъытэшхуэ зыхуищI унэтIыныгъэхэм ящыщщ щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгуэтыныр. ЩIэныгъэ куу яIэным зыкIи пебдзых мыхъуну а лэжьыгъэр дэнэкIи щыщIагъэхуэбжьащ: еджапIэхэми, гъэсапIэхэми, щэнхабзэ Iуэхущlапlэхэми, зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэми. Iуэху щхьэпэхэр, хъарзынэхэр щыщэфIах курыт школхэм хэту лажьэ тхыдэ-хэкурыдж музейхэми. Абыхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэр наIуэ къыщыхъуащ иджыблагъэ республикэм къыщызэрагъэпэща зэпеуэм.

● Школ хъыбархэр

ЕПЛЪЫКIГЪЭ-зэпеуэ мардэм иту екIуэкIа Iуэхугъуэм хэтащ ди республикэм и хэкурыдж музейуэ школхэм щыIэхэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, Бахъсэн щIыналъэм хьихьэ Къыщпэк жьлэм КIуэкIуэ Валерэ и щIэр зэрихьэу дэт курыт школым щылажьэ тхыдэхэкурыдж музейр пашэ щыхъуащ абы. А Iэнатlэр къалъытащ школ музейхэм ящыщу еджакIуэхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ядезыгъэкIуэкIхэм я нэхъыфIу.

КIуэхэдгъэщIынщи, школ музейр къызэрызэIуахрэ илъэси 10 хъуауэ араща, Лэжьыгъэ купщlафIэ щекIуэкI Iэнатlэр 2016 гъэм хагъэхьакIэт школхэм щылажьэ тхыдэ-хэкурыдж музейхэм я федеральнэ реестрым. Мы зэманым ирихьэлIэу музейм щызэхуэхьэсащ КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, щэнхабзэмрэ къадекIуэкI хабзэхэмрэ ятеухуа дэфтэрхэр, сурэт хьэлэмэтхэр, псэуныгъэм къыщагъэсэбэпу щыта хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэри яхэту. А псоми лэжьыгъэфIыр ящIыгъущи, жьипIэнурамэ, музейр хъуащ щIэблэр хэкупсэу гъэсэныкIэ щIыналъэм щыIэ Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэ.

Музейм щызэфIах лэжьыгъэр унэтIныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыхащ. Абы къызэщIеубыдэ «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ цIыху», «Ди хэкуэгъу цIэрыIуэхэр», «Кавказым и бын», «ЩIыхьрэ пщIэрэ», «Нанэ и дыщэ пхъуантэр», «Дадэ и Iуэтэжхэр» фIэщыгъэхэр зиIэ плIанэпэ щхьэхуэхэр. Музейм щIэльщ КъБР-м и япэ президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ ятеухуа дэфтэр куэд. Ахэр щахъумэ музейм и плIанэпэ хэхам. Хьэлэмэтщ зыщыбгъэгъуэзэну къэбэрдей усакIуэ бзылъхугъэ Балъкъэр Фоусэт и гъащIэмрэ и творческэ гъуэгуанэмрэ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа а бгырыс усакIуэм теухуащ «Кавказым ипхъу» гъэпсыгъуэныгъэ купщlафIэр.

- ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэным мыхьэнэшхуэ щрат пхъэхъэнэм ди музейри зы лэжьыгъэ Iыхьэкlэ хоувэ къэралпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхугъуэм, - жеIэ школым и тхыдэ-хэкурыдж музейм и унафэщI, егъэджакIуэ-библиотекарь Гъуэщокъуэ Тамисэ. - «Блэкlар додж, дыззрыт лъэхъэнэр къыдгурыIуэн, къэкIуэным фIыкIэ дыкуэкIуэн папщIэ» къыхуеджэныгъэм дыщIэту долажьэ.

Музейм и унафэщIми школым и лэжьакIуэ гупми дохъуэхъу екъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэу, щIэблэр фIым хуащIийуэ, хэкупсэу ягъасэу куэдрэ узынщэу лэжьэну.

ТАМБИЙ Линэ.

ЩIыхуэр зытригъэкIыжащ, хамэ къэрал кIуэнути

Урысей ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Дзэлыкъуэ район къудамэм щIэлът щIыпIэм щыпсэум ехьэлIа тхылъыр. ЦIыхухъуэр и щхьэгъусэм бгъэдэкIыжа иужь кIылъытащ балигъ мыхъуа и пхъур пIыныр зи къалэныр анэм и закъуэу.

ЦIЫХУБЗЫМ судым зыхуигъаззэри, адэм къыхуагъэуващ и хэхъуэхэм я процент 25-р мазэ къэс быным иритыну. Арщхьэкlэ, ахъшэр сабийм къыIэрыхьакъым икIи адэм сом мин 280-рэ щIыхуэу къытехуащ.

Суд приставым щIыхуэм ихь жэуапыр игу къигъэкIыжащ. Урысей Федерацэм икIыну хуитныныгъэр зэрыпаубыдымкIэ, щIыхуэ зытелъым банк зыбжанэм щIиэ ахъшэм алиментыр хагъэкIыну зэрамурадымкIэ абы хъыбар иригъэщIащ. Зэман кIыхькIэ и къалэным зыпызыIузыдза икIи ахъшэр зымытар жылагъуэм и сэбэп хэлъу сыхьэт 50-кIэ ягъэлажьащ.

Ар зэфIэкIри, адэм и пхъум деж щыIэтригъэхьа щIыхуэр нэсу зытригъэкIыжащ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Щхьэрыпсэ

Щ1ыIэм зигъэткIиями

Суэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и зи чэзу епщыкIуэзанэ джэгугъуэр зэхэтащ. ГъэщIэгъуэнращи, щIыIэм дауэ зигъэткIиями, пхужьIэнукъым топджэгуэхэри абы дихьэхэри игъэупщlыIуу.

ЯПЭ увыпIищыр куэд щIауэ зыIыгъ командхэр зэрыпашэщ икIи нэхъ увыпIэ лъагэр зэрамыуТIыпщыным ерыщу щIобэн. Бахъсэн и «Автозапчасть»-р и гъунэгъу Iслъэмей жылагъуэм и гупым, хабзэ зэрыхуэхъуауэ, 4:1-уэ бжьыгъэшхуэкIэ текIуащ. Иджырей зэхьэзэхуэм пщыкIуэрэ зэкIэльхьэужьу псори щыхигъэщIауэ ар япэ увыпIэм зэрыщытщ.

Нобэкlэ бахьсэнэдэсхэм очкоитхуклэ Зеикъуэ къуажэ и «Шагъдийр» къыкIэрохуу. Ар Налшык и «Локомотив»-м 2:0-у иужьу текIуащ.Ди къэлащхьэм и «Гор-Ис»-р ещанэ увыпIэм щытми и зи чэзу зэIущIэм ехъулIэныгъэ щIиащ. Ар хэпщыкIыу нэхъ лъэщт Къэрэгъэш и «Инал» командэм нэхъэрэ икIи 3:0-у зэрытекIуа бжьыгъэр абы щыхьэт тохъуэ. КъищынэмыщIауэ нэхъ бгъэщIагъуэ хъуну къыдолъытэ Псыгуэнсу къуажэм и командэм «Тэрчыр» 3:2-уэ, «Шэджэм-2»-р Альтуд и «Искра»-м 2:1-уэ зэрыхагъэщIар. Адрей зэIущIитIри, зэрытемыгъакIуауэ, 1:1-уэ, иухащ. Апхуэдэу зэфIэкIащ Налшык и командэзэуэ «Мурбек-ФШ»-мрэ «Спартак-Д»-мрэ, «ХьэтIохъущыкъуэймрэ» Малка и «МАХ»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэхэр.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэр, хабзэ зэрыхъуауэ, щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэдэджэгунщ: *мазаем и 18-м* «Тэрч» - «Автозапчасть», «Псыгуэнсу» - «МАХ», «Локомотив» - «Инал»»; *мазаем и 19-м* «Бабугент» - «Шагъдий», «ХьэтIохъущыкъуей» - «Искра», «Iслъэмей» - «КъБКъУ», «Шэджэм-2» - «Мурбек-ФШ», «ГорИс» - «Спартак-Д» командэхэр.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэ чемпионатыр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	11	11	0	0	53-10	33
2. «Шагъдий»	11	9	1	1	31-10	28
3. «ГорИс»	11	8	2	1	33-19	26
4. «Искра»	11	6	2	3	29-10	20
5. «Тэрч»	10	6	1	3	28-9	19
6. «МАХ»	10	5	2	3	15-12	17
7. «Iслъэмей»	11	5	2	4	23-21	17
8. «Шэджэм-2»	11	5	0	6	16-28	15
9. «Бабугент»	11	4	1	6	14-24	13
10. «Псыгуэнсу»	11	3	3	5	16-28	12
11. «Спартак-Д»	11	3	2	6	22-21	11
12. «ХьэтIохъущыкъуей»	11	3	2	6	14-24	11
13. «Мурбек-ФШ»	9	3	1	5	12-23	10
14. «Инал»	11	2	1	8	14-33	7
15. «Локомотив»	11	2	1	8	13-32	7
16. «КъБКъУ»	11	0	1	10	9-38	1

Сабийрщ нэхъыщхьэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и поликлиникэм адэ-анэхэм папщIэ щрагъэкIуэкI сабийхэр хабзэм тету автомашинэмкIэ къешэкIыным теухуа чэнджэщхэр щрат Iуэху щхьэпэхэр.

УРЫСЕЙ МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыIэм и Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм «Ребенок - главный пассажир!» республикэпсо Iуэхум хьихьэу епсолъэлIащ къалэм и Сабий поликлиникэ №2-м къекIуэлIахэм. Полицейхэм зи щIалэгъуэ адэ-анэхэм ягу къагъэкIыжащ, сабий ису автомашинэр щызэрагъакIуэкIэ ар шынагъуэншэу шэнтжьей цIыкIум илхауэ щытын зэрыкуейр.

Псалъэмакъэкэр щрагъэкIуэкIым полицейхэм балигъэм ягу къагъэкIыжащ абыхэм я зыIыгъыкIэр сабийм дежкIэ щапхъэу зэрыщытыр, абы къыхэкIыу гъэугум зэрыщызэкIуапхъэ хабзэхэм зэрытетыр, зэрысакъыр къыдальагъуу щытын зэрыкуейр.

- Шынагъуэншагъэм хуэщIа бгырыпхъэр фэ езыхэми къэвгъэсэбэп, фи сабийми ар хэфIахьэ, хабзэ яхухъунэ папщIэ, - къыхураджащ полицейхэм.

БАХЪСЭНЛанэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр: ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщ Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894 Тиражыр 1.669 Заказыр №285 12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* Инэрокъуэ Аазэмэт *(1, 3-нэ нап.)*, Елмэс ФатIимэ *(2, 4-нэ нап.)*.

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Суэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.